

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK JEWOGRAFI JENERAL

Mèkredi 18 Jen 2014 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

Pati I an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

Pati III B a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.


Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak kat jewografik ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1.

Premye Izrayelit yo: Vwayaj Abraham, ca. 2000 Anvan Jezi-Kri



Sous: Farah and Karls, *World History: The Human Experience*, Section Focus Transparencies, McGraw-Hill (adapte)

1 Dapre enfòmasyon kat jewografik sa a bay, ki kote vwayaj Abraham te kòmanse?

- | | |
|--------------------|----------------------|
| (1) Dezè Sahara | (3) Mezopotami |
| (2) Vale Rivyè Nil | (4) Lanmè Meditèrane |

2 Moun pa souvan kreye dosye pou avantaj istòryen yo. Yo pwodui dosye yo pou lòt rezon....

— Chris Hinton, 1998

Dapre deklarasyon sa a, sous istorik yo gen souvan

- (1) prè ki kapab byeze
- (2) done ki ekilibre ak fyab nèt
- (3) kontrandi ki reprezante tout pwendvi yo
- (4) rezime ki bay detay sou rechèch ki fèt sou lefase ki lwen

3 Ki konsèp ki enpòtan pou etid sistèm ekonomik yo?

- | | |
|----------------------|----------------|
| (1) oto-detèminasyon | (3) sitwayènte |
| (2) faktè pwodiksyon | (4) dwa moun |

4 Ki gwo karakteristik jewografik ki anpeche difizyon kiltirèl fèt an Lend ak Lachin?

- | | |
|--------------------|--------------------|
| (1) Montay Imalaya | (3) Dezè Gobi |
| (2) Plato Dekan | (4) Gran Vale Rift |

5 Ki deklarasyon konsènan migrasyon Bantou ki se yon lide pèsone l alapas yon reyalite?

- (1) Migrasyon an te fèt ofi-amezi sou yon peryòd tan ki long.
- (2) Lang ak konesans te simaye depi nòdwès jiska sidès ak nan lès Afrik.
- (3) Mank dokiman prensipal fè li difisil pou detèmine kòz egzat migrasyon an.
- (4) Sivilizasyon Bantou te siperyè parapò ak sivilizasyon li te deplase yo.

6 Sou plan istorik, yo te rele rivyè Huang He “Rivyè Chagren” paske

- (1) pò ki konjle te lakòz komès la difisil
- (2) katarak te lakòz sèvis transpò a enposib
- (3) inondasyon te detwi danre ak vilaj yo
- (4) antèman te fèt nan dlo sakre yo

7 Yo te rekonèt dinasti Han ak Lanpi Women poutèt yo te

- (1) devlope estrikti politik santralize
- (2) gen gouvènman ki te anba dominasyon yon klas machann
- (3) itilize egzamen pou chwazi ofisyèl yo
- (4) gen peryòd long gouvènman estab

8 Ki sistèm kwayans yo konsidere kòm monoteyis?

- | | |
|----------------|-----------------|
| (1) Jidayis | (3) Konfisyanis |
| (2) Chentoyism | (4) animis |

9 Yo rekonèt Lajdò Lanpi Gupta Endyen pou

- (1) devlopman poud kanon li
- (2) wout komèsyal nan lanmè pou ale nan Ewòp
- (3) akseptasyon Krisyanis kòm yon relijyon ofisyèl
- (4) avansman nan matematik ak lamedsin

10 Ki faktè jewografik ki te pèmèt vil Nanjing ak Mogadishu devlope pou vin sant komèsyal puisan?

- (1) pozisyon sou wout navigab yo
- (2) abondans resous natirèl
- (3) presipitasyon prediktib nan sik mouson an
- (4) aksè nan kòl montay yo

Sèvi ak tablo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 lan.

Objè yo Dekouvri nan Lakòt Java nan Cirebon Shipwreck 10yèm Syèk la

- Vè islamik ki gen koulè vèt emwod
- Pòslèn chinwa ki dekore avèk dragon ak zwazo
- Ponya seremoni arab ki gen plak bijou lò
- Objè relijye an bwonz ki gen senbòl endou ak boudis

11 Kisa dekouvèt akeyolojik sa a endike konsènan Sidès Azi pandan 10yèm syèk la?

- (1) Objè relijye nan Lachin yo se te yon gwo enpòtasyon.
- (2) Yo te ekspòte pyè ak metal presye nan Afrik.
- (3) Ewopeyen yo te domine rezo komès Lès Azi ak Mwayennoryan.
- (4) Rejyon an te sèvi kòm kalfou ant komèsan arab yo ak komèsan chinwa yo.

12 Devlopman ak ogmantasyon operasyon labank, konpayi asirans, ak mache bousye te enpòtan pou sistèm

- | | |
|---------------|---------------|
| (1) feyodalis | (3) kapitalis |
| (2) tribi | (4) twòk |

13 Yon karakteristik enpòtan kilti Renesans Ewopeyen se te

- (1) yon konsepsyon ki ensiste sou klasisism, layisism, ak endividyalism
- (2) yon depandans sou Lepap ak chevalye li yo pou konsève establite politik
- (3) yon chanjman nan pwodiksyon ant sistèm lokal nan sistèm faktori
- (4) yon fason pou reflechi pou ensiste sou imilite ak lafwa kretyen

- 14 Martin Luther, John Calvin, ak Henry VIII, yo tout te jwe yon wòl enpòtan nan
- (1) efò ki te fèt pou reklame Latè Sen
 - (2) chit Lanpi Ottoman
 - (3) fen inite relijye nan Ewòp
 - (4) kreyasyon demokrasi palmantè nan Grannbretay
- 15 Pratik Islam toupatou nan anpil kote nan Afrik-de-Lwès se prèv ki montre
- (1) Islam te simaye depase fwontyè penensil arab la
 - (2) Komès chinwa te pote kwayans islamik yo nan Afrik-de-Lwès
 - (3) Islam te kòmanse nan Afrik-de-Lwès epi li te simaye nan Mwayennoryan
 - (4) Ewopeyen yo te ankouraje kwayans islamik yo pandan peryòd kolonyal la
- 16 Ki deklarasyon ki konsistan avèk lide Niccolò Machiavelli?
- (1) Yo ta dwe swiv prensip demokratik yo avèk presizyon.
 - (2) Lalwa ta dwe depannde volonte dirijan an.
 - (3) Yo ta dwe respekte dwa moun nan tout peyi yo.
 - (4) Mache yo ta dwe opere avèk yon ti entèferans gouvènman.
- 17 Kisa ki te yon kòz prensipal pou chanjman nan komès ewopeyen depi nan Lanmè Meditèrane pou rive nan Oseyan Atlantik lan pandan fen ane 1400 yo?
- (1) Tik Ottoman yo te pran kontwòl Konstantinòp.
 - (2) Dinasti Ming te otorize Zheng He pou fè vwayaj sou distans long.
 - (3) Chogoun Tokugawa te adopte yon politik izolasyonis.
 - (4) Kwaze kretyen yo te kaptire Jerizalèm.
- 18 Pozisyon sivilizasyon Enka Amerik-di-Sid yo montre
- (1) enpòtans komès avèk Ewòp-de-Lwès
 - (2) konpetans imen yo pou adapte yo nan anviwònman an
 - (3) enfliyans divèsite kiltirèl
 - (4) konpleksite sistèm kwayans endijèn yo
- 19 Pou kisa yo konsidere vwayaj Ferdinand Magellan kòm yon pwen enpòtan nan istwa lemonn?
- (1) Reklamasyon Pòtigal nan Afrik-di-Sid te fèt.
 - (2) Bato li a se te premye bato ki te rive nan Amerik yo.
 - (3) Bato li a se te premye bato ki te navige toutotou Latè.
 - (4) Kontwòl Grannbretay sou lanmè yo te fini.
- 20 Nan 17yèm syèk ak 18yèm syèk, objektif prensipal mèkantilis la, jan peyi Ewòp yo t ap pratike li, se te pou
- (1) bay laglwa pou pouvwa ak agresivite militè yo
 - (2) kreye lwa ki te garanti libète endividyèl yo
 - (3) anseye endijèn yo Krisyanis epi fè yo travay pou bay yo pwoteksyon
 - (4) ogmante rezèv lò ak ajan avèk yon balans komèsyal favorab
- 21 Konsekans laprès enprimri, astwolab ak karavèl nan Ewòp 16yèm syèk la montre mwayen teknoloji a pou
- (1) limite sa lide yo kapab transmèt
 - (2) re-defini fason moun konprann lemonn
 - (3) kore kwayans tradisyonèl ki anplas yo
 - (4) eksplwate nouvo resous enèji yo
- 22 Yon fason Peter the Great, Louis XIV, ak Philip II sanble sèke yo chak
- (1) te sipòte efò misyonè Legliz Katolik Women
 - (2) t ap chèche santralize pouvwa a lè yo limite pouvwa lanoblès
 - (3) t ap batay pou bloke kreyasyon koloni britanik yo nan Èmisfè Oksidental la
 - (4) te defye pratik feyodal yo lè yo te emansipe sèf yo
- 23 Nouvo konesans ak entèpretasyon syantifik ki te devlope pandan Revolisyon Syantifik la te pi souvan baze sou
- (1) obsèvasyon ak eksperyans
 - (2) lalwa ak lafwa legliz
 - (3) sipèstisyon ak pratik ansyen yo
 - (4) fòmil jewometrik ak astwoloji

24 Ki pè ki konekte reyon an kòrèkteman kote lide Syèk Limyè te devlope an premye nan yon rejyon kote lide sa yo te simaye?

- (1) Azi → Ewòp-de-Lès
- (2) Afrik → Azi-di-Sidès
- (3) Ewòp-de-Lwès → Amerik yo
- (4) Afrik-de-Lès → Lend

25 Baron de Montesquieu te kwè yon separasyon pouvwa yo ta

- (1) anpeche gen tirani lè li aji kòm yon kontwòl sou pouvwa a
- (2) fè gen otorite ankò nan Legliz Katolik Women
- (3) ogmante koripsyon otorite politik
- (4) diminye pouvwa klas mwayèn nan

26 Ki montay ki te yon obstak pou efò Simón Bolívar pou inifye Gran Colombia?

- (1) Alps
- (2) Andes
- (3) Zagros
- (4) Urals

27 • Resous chabon ki anpil
• Devlopman vapè
• Konstriksyon yon gwo sistèm kannal

Nan fen ane 1700 yo, kondisyon sa yo te fasilite Revolisyon Endistriyèl la kòmanse nan

- (1) Japon
- (2) Almay
- (3) Lawisi
- (4) Angletè

28 Pratik lesefè yo ki ka asosye avèk yon

- (1) ekonomi tradisyonèl
- (2) ekonomi mache
- (3) ekonomi planifye
- (4) ekonomi miks

29 Kòm yon rezilta Lagè ant Lawisi ak Japon, Ewopeyen yo te konsidere Japon kòm yon

- (1) yon zòn ki ka pou kolonizasyon
- (2) pi puisan nan peyi enperyalis yo
- (3) yon dirijan nan mouvman an pou non-aliyman
- (4) yon nouvo menas pou lemond

Sèvi ak deklarasyon oratè ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 30.

Oratè A: Konpayi British East India pa respekte kwayans mwen yo. Mwen pa kapab swiv dama epi pou mwen toujou sòlda yo. M ap retounen jwenn fanmi mwen nan yon vilaj Tamil.

Oratè B: Konpatryòt rebèl mwen yo pa kapab aksepte nouvo relijyon mwen epi poutèt sa yo rayi mwen ak zanmi “etranje demon” mwen yo. Misyonè yo ap Beijing demen pou ale nan Angletè. Mwen dwe fè yon sèl ak yo anvan yo antoure lakou legliz la.

Oratè C: Sòlda za yo te vini ankò jodi a, yo te piye vilaj nou, yo te ale avèk betay nou yo, epitou yo te pyetine nenpòt moun ki te sou pasaj yo. Yo te menm boule sinagòg nou an. Mòdvi nou fini. Moman an rive pou emigre nan Palestin.

30 Ki objektif prensipal oratè sa yo?

- (1) lagè sivil
- (2) refòm ekonomik
- (3) pèsekisyon relijye
- (4) opresyon kolonyal


31 Ki kondisyon ki pi ka asosye avèk Meksik ant ane 1910 ak 1930?

- (1) revolisyon ak enstabilite politik
- (2) kreyasyon yon relijyon leta
- (3) endistriyalizasyon rapid sosyete moun nan zòn posede yo reyalize
- (4) sipò jeneral pou entèvansyon peyi etranje

32 Vwayaj difisil ki dire yon ane Mao Zedong ak patizan kominis li yo te fè nan ane 1934 nan montay, marekaj ak rivyè Lachin yo te rele

- (1) Revolisyon Kiltirèl
- (2) Gwo Avansman
- (3) Rebelyon Boksè
- (4) Mach Long

Sèvi ak kat jewografik ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 33.



Sous: National Geographic Magazine online, 2002 (adapte)

33 Aksyon militè nan Dezyèm Gè Mondyal la ki endike sou kat jewografik sa a te enpòtan paske li

- (1) te retire presyon lagè a nan Pasifik la
- (2) te lakòz dirèkteman pwosè krim lagè nan Nuremberg
- (3) te lakòz Almay fè lagè soumaren an restriksyon
- (4) te fòse Almay batay kont Aye yo nan fwon lès ak fwon lwès


34 Ki deklarasyon konsènan ekonomi sovyetik anba Joseph Stalin ki egzat?

- (1) Inyon Sovyetik te ogmante pouvwa li lè yo te devlope endistri lou.
- (2) Gouvènman an te redui wòl li nan planifikasyon pwodiksyon endistriyèl la.
- (3) Kiltivatè yo te jwenn ankourajman pou fè konpetisyon nan ekonomi mache lib la.
- (4) Yon gwo seleksyon byen konsomasyon te vin disponib nan Inyon Sovyetik.

35 Nan ane 1940 yo, komite dirijan Kongrè Nasyonal Endyen an ak komite dirijan Lig Mizilman an te sipòte objektif

- (1) pou ede Britanik yo batay nan Dezyèm Gè Mondyal la
- (2) retire kontwòl Britanik yo nan sou-kontinan an
- (3) aboli distenksyon ak diskriminasyon kas
- (4) kreye yon gouvènman inifye ki baze sou ansèyman relijye

Sèvi ak chema kwonolojik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 36 la.



36 Ki rejyon ki asosye dirèkteman avèk evènman ki endike nan chema kwonolojik sa a?

- (1) Amerik Latin
- (2) Mwayennoryan
- (3) Afrik Santral
- (4) Sidès Azi

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 37 la.



Sous: Eric Godal, January 10, 1943 (adapte)

37 Ki kalite sistèm politik ki dekri nan desen komik ane 1943 sa a?

- (1) demokrasi dirèk
- (2) monachi
- (3) repiblik teyokratik
- (4) totalitè

38 Imedyatman apre Dezyèm Gè Mondyal la, ki peyi ki te egzèse kontwòl politik ak ekonomik sou Lapolòy, Ongri, ak Woumani?

- (1) Lafrans
- (2) Etazini
- (3) Inyon Sovyetik
- (4) Grannbretay

39 Rezon prensipal ki fè eta ki pwodui petwòl yo te fòme Oganizasyon Peyi ki Ekspòte Petwòl (OPEC) se te pou

- (1) ankouraje peyi etranje posede chan petwòl yo
- (2) retire sanksyon ekonomik yo epi kreye komès lib
- (3) amelyore relasyon komèsyal yo avèk Lwès
- (4) jwe sou pri petwòl la epi fikse nivo pwodiksyon an


40 Kisa ki te yon objektif pwotestasyon elèv yo nan Tiananmen Square nan ane 1989?

- (1) endepandans pou Taywann
- (2) retire twoup yo nan Kore-di-Sid
- (3) aksè nan pwodui etranje yo
- (4) refòm demokratik

41 Ki yon fason Kore-di-Nò apre-Dezyèm Gè Mondyal la ak Almay-de-Lès apre-Dezyèm Gè Mondyal la sanble?

- (1) Yo te mete monachi nan toulède peyi yo ankò.
- (2) Prensip demokratik yo te fleri nan toulède peyi yo.
- (3) Toulède gouvènman kominis yo te anba estagnasyon ekonomik.
- (4) Toulède peyi yo te menase pou itilize zam chimik kont Lachin.

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 42.



Sous: Mike Keefe, *The Denver Post*, 1995

42 Nan ki deklarasyon pwendvi desinatè imoristik la pi byen eksprime sou Nasyonzini?

- (1) Dirijan li yo te fete 50yèm kanpay militè yo te fè avèk siksè.
- (2) Li te angaje nan zak lagè kòm yon metòd pou mete lapè.
- (3) Li te gen siksè nan efè diplomatik li yo.
- (4) Fòs militè li yo te resevwa anpil rekonpans pou aksyon yo.

- 43 • Touts ak Outou nan Rwanda
 • Ris yo ak Tchetchèn yo nan sidwès Lawisi
 • Tamil yo ak Sengalè yo nan Sri Lanka


Nan ane 1990 yo, ki sitiyasyon ki te detèmine relasyon pèp ki endike pou chak nan rejyon sa yo?

- (1) konpwomi politik kolaborasyon
- (2) devlopman yon ekonomi komen
- (3) mouvman pou tolerans relijye
- (4) konfli sivil brital

44 Pandan 20yèm syèk la, nan ki zòn debwazman te reprezante yon pwoblèm anviwònman enpòtan akòz devlopman eksplwatasyon min endistriyèl, kwasans sosyete agrikòl endistriyèl yo, ak devlopman nouvo rezò wout?

- | | |
|-------------------|--------------------|
| (1) Dezè Sahara | (3) Basen Amazon |
| (2) Plato Tibetèn | (4) Estèp Ikrenyen |

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 45 lan.



Sous: Brian Barling, *Christian Science Monitor*, March 30, 2006

45 Politik ki dirijan 20yèm syèk la ki te ede kreye sitiyaasyon ki endike nan desen komik ane 2006 sa a?

- | | |
|-------------------|----------------------|
| (1) Deng Xiaoping | (3) Aung San Suu Kyi |
| (2) Kim Jong Il | (4) Ho Chi Minh |

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 46 la.

...Depo sediman fen inondasyon natirèl yo kite sipòte fètilité sòl plèn inondab yo. Istwa agrikilti sou 5,000 ane nan Vale Nil ak dèlta Ejip te depannde inondasyon Rivyè Nil chak ane ki te kite yon vèni limon tounèf nan fon vale a chak ane. Baraj modèn sou Nil lan — sitou Baraj Aswan High, ki kapab konsève tout inondasyon anyèl la — te detwi sistèm natirèl fètilizasyon an, sa ki te lakòz yo enpòte yon gwo kantite angrè atifisyèl...

— Oberlander and Muller, *Essentials of Physical Geography Today, Second Edition*, Random House, 1987

46 Dapre pasaj sa a, yon konklizyon valab se ta

- (1) angrè natirèl yo mwen efikas pase angrè atifisyèl yo
- (2) pwogrè teknolojik pafwa kreye pwoblèm ki enprediktib
- (3) inondasyon chak ane nuizib pou agrikilti ejipsyen an
- (4) kiltivatè ki nan Vale Nil nan opere nan yon nivo sibstans

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 47 la.

... Mwen, John of Toul, fè konnen mwen se vasal lij madmwazèl Beatrice, kontès Troyes, ak piti gason li, Theobald, kont Champagne, kont chak kreyati, ki vivan oswa ki mouri, pou sove fidelite mwen pou seyè Enjorand of Coucy, seyè John of Arcis, ak kont Grandpré. Si sa ta dwe rive pou kont Grandpré ta dwe nan lagè avèk kontès ak kont Champagne sou pwòp batay li, m ap ede kont Grandpré poukont mwen, epi m ap voye ba kont lan ak kontès la kavalye ki gen sèvis mwen dwe yo pou fyèf mwen genyen sou yo. Men si kont Grandpré dwe fè lagè kont kontès ak kont Champagne sou non zanmi li yo epi pa pou pwòp batay li, m ap ede kontès ak kont Champagne poukont mwen, epi m ap voye yon kavalye pou kont Grandpré pou sèvis mwen dwe li pou fyèf mwen gen sou li, men mwen p ap prale poukont mwen nan teritwa kont Grandpré pou fè lagè kont li...

47 Nan ki peryòd istwa Ewòp-de-Lwès relasyon ki dekri nan pasaj sa a te pi komen?

- | | |
|---------------|---------------|
| (1) Neyolitik | (3) Medyeval |
| (2) Klasik | (4) Napoleyon |

48 Pandan peryòd feyodal istwa japonè a, lanperè a te sitou gen otorite senbolik. Ki deklarasyon ki pi byen eksplike rezon pou sitiyaasyon sa a?

- (1) Yo te bay pouvwa a pou chogoun yo ak dayimyo yo.
- (2) Geriya komini yo te destabilize enstitisyon politik lokal yo.
- (3) Yon konstitisyon demokratik te anpeche lanperè santralize otorite a.
- (4) Fòs okipasyon ameriken yo te detwi konviksyon nan divinite lanperè.

Sèvi ak imaj ki anba la yo ak konesans ou nan syans sosyal 49 ak 50.

Imaj A: Enka



Sous: Felipe Guaman Poma de Ayala, *Nueva Corónica y Buen Gobierno*, Biblioteca Ayacucho

Imaj B: Ilann



Sous: John Reader, *Potato: A History of the Propitious Esculent*, Yale University Press

49 Ki jeneralizasyon pi byen sipòte nan imaj sa yo?

- (1) Pòmdetè se yon sous manje enpòtan pou anpil popilasyon nan anpil kalite tan.
- (2) Enka te pwodui plis pòmdetè pase nenpòt lòt sivilizasyon nan istwa.
- (3) Sèl danre fanm ak timoun ilandè yo te pwodui se te pòmdetè.
- (4) Pòmdetè yo kapab grandi sèlman nan rejyon montay.

50 Ki evènman istorik ki konekte aktivite yo montre nan Imaj A avèk aktivite yo montre nan Imaj B?

- | | |
|------------------------------|----------------------------------|
| (1) ouvèti komès Wout an Swa | (3) fòmasyon Lig Anseyatik |
| (2) echanj Kolonbyen | (4) kreyasyon komès trans-Sahara |

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons ou pou Pati II a, sonje pou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Chanjman—Defi pou Tradisyon oswa Otorite

Pandan tout istwa, moun yo te defye tradisyon ak otorite yo. Efò yo te enspire oswa enfliyanse chanjman epi yo te rankontre avèk anpil degre siksè diferan.

Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** moun ki te defye tradisyon oswa otorite epi pou yo **chak**

- Dekri tradisyon oswa otorite ki te anplas jan li te egziste anvan moun nan te defye li
- Diskite sou fason moun nan te defye tradisyon oswa otorite ki te anplas la
- Diskite sou limit chanjman an te fèt akòz defi sa a

Ou ka itilize nenpòt moun nan etid istwa ak jewografi jeneral ou. Kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere gen ladan Martin Luther, Galileo Galilei, Mary Wollstonecraft, Toussaint L'Ouverture, Charles Darwin, Vladimir Lenin, Emiliano Zapata, Mohandas Gandhi, Ho Chi Minh, Nelson Mandela, Mikhail Gorbachev, Aung San Suu Kyi, ak Wangari Mathaai.

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Pa chwazi yon moun nan Etazini oswa Gavriilo Princip nan Eta Balkan yo pou repons ou.

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

Kontèks Istorik:

Pwen enpòtan yo se evènman ki lakòz chanjman rejyonal ak chanjman nan lemonn. Twa (3) pwen enpòtan ki te transfòme sosyete yo ak rejyon yo se te *deklanchman lapès bibonik*, *siyati Trete Nanjing*, ak *ansasinay Akedik Ferdinand*.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi *de* (2) pwen enpòtan ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo *chak*

- Dekri sikonstans istorik ki konsène pwen enpòtan sa a
- Diskite sou chanjman ki te fèt nan yon sosyete ak/oswa nan yon rejyon akòz pwen enpòtan sa a

Nan devlopman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:


- (a) dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- (b) diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1



1. Dapre enfòmasyon ki nan kat jewografik sa a, ki aktivite ki te lakòz Lapès Nwa simaye? [1]

Score

Dokiman 2

Nan ekstrè sa a, William H. McNeill ap diskite sou entèpretasyon prèv istorik pou eksplike fason lapès te simaye. Li sijere prèv ki disponib yo fè li pa fasil pou yo te jwenn lapès nan Lachin anvan ane 1331.

...Men, apre ane 1331, epi sitou apre ane 1353, Lachin te antre nan yon peryòd katastwofik istwa li. Lapès ki te frape anmenmtan avèk lagè sivil kòm yon reyaksyon chinwa natifnatal kont dominasyon mongòl t ap fè pwogrè, pou rive nan pwen enpòtan nan kapote dirijan etranje yo ak kreyasyon yon nouvo Dinasti Ming nan ane 1368. Melanj lagè a ak lapès [maladi a] te fè anpil dega sou popilasyon Lachin. Pi bon estimasyon yo te montre yon diminisyon ant 123 milyon [nan] apeprè 1200 (anvan envazyon mongòl yo te kòmanse) ak yon senp 65 milyon nan ane 1393, yon jenerasyon apre yo te finalman mete Mongòl yo deyò nan Lachin. Menm mechanste Mongòl yo pa kapab konte pou yon gwo diminisyon konsa. Sètènman, maladi a te jwe yon gwo wòl nan diminisyon kantite Chinwa yo an mwatye; epi lapès bibonik, ki te tounen apre premye ravaj yo nan entèval ki te souvan regilye, senpleman menm jan nan Ewòp, kont tout lespwa pi kapab kandida pou jwe yon wòl konsa....

Sous: William H. McNeill, *Plagues and Peoples*, Quality Paperback Book Club (adapte)

2 Dapre William H. McNeill, kisa ki te **yon** fason lapès te afekte Lachin apre ane 1331? [1]

Score

Dokiman 3

Konsekans Sosyal ak Ekonomik Lapès nan Ewòp

Lapès te gen gwo konsekans nan nivo sosyal ak ekonomik, yo note anpil nan konsekans yo nan entwodiksyon *Decameron*. Moun yo te kite zanmi ak fanmi yo, yo te kite vil yo, epi yo separe tèt yo avèk lemonn. Seremoni antèman yo te vin pou lafòm [sipèfisyèl] oswa te sispann nèt, epi travay la te sispann fèt. Kèk moun te panse kòlè Bondye te desann sou moun, epi poutèt sa yo t ap batay kont lapès avèk lapriyè. Kèk moun te panse yo ta dwe obeyi maksim [pwovèb], “Manje, bwè, epi gen kè kontan, pou paske ou ka mouri demen.” Sosyete a te gen yon boulvèsman nan yon limit anjeneral yo te obsève nan sikonstans ki kontwole tankou kanaval [festival]. Lafwa nan relijyon te diminye apre lapès, akòz lanmò anpil manm nan klèje a epi tou akòz echèk lapriyè pou pa gen maladi ak lanmò....

Sous: “Plague,” *Decameron Web*, Brown University (adapte)

3 Dapre atik sa a, kisa ki te **yon** konsekans lapès sou sosyete ewopeyen an? [1]

Score

Dokiman 4

...Lontan Chinwa yo pa t dakò avèk komès opyòm. Komèsan olandè yo te entwodui dwòg la nan Lachin pandan disetyèm syèk la. Byen bonè nan ane 1729, te gen dekrè enperyal ki te entèdi lavant ak fimen “vis destriktif ak pyejan sa a.” Nan ane 1796, Jiaqing, nouvo lanperè a, te mete yon entèdiksyon konplè sou enpòtasyon li, men li te se administratè fèb epi nan yon ti tan pirat ak machann opyòm t ap bay ofisyèl yo lajan anba-tab pou kowonp yo. Nan ane 1816, East India Company [Britanik] te enpòte 3,000 kòf opyòm nan chan pavo li nan eta Punjab ki nan nò Lend. Nan ane 1820, sa te ogmante a 5,000 epi nan ane 1825 sa te ogmante a prèske 10,000.

Lè plis Chinwa te vin gen akoutimans ofi-amezi, epi lè ajan t ap fleri ekonomi a nan kès Britanik yo, gouvènman chinwa a te ale nan konfwontasyon. Lanperè Daoguang, ki te pran pouvwa a nan ane 1821 se te yon refòmateur, epi, avèk sipò konseye li Lin Zexu (1785–1850), lanperè a te entèdi opyòm nan ane 1836 epi li te pase lòd pou yo koupe tèt “baba etranje” ki te sere epi vann dwòg la....

Sous: Perry M. Rogers, ed., *Aspects of World Civilization: Problems and Sources in History, Volume II*, Prentice Hall (adapte)

4a Dapre Perry Rogers, kisa ki te **yon** rezon ki fè Lachin pa t gen siksè nan bloke komès opyòm? [1]

Score

b Dapre Perry Rogers, kisa ki te **yon** efò Chinwa yo te fè pou bloke komès ewopeyen nan opyòm? [1]

Score

Dokiman 5

Grannbretay ak Lachin te siyen Trete Nanjing apre Lagè Opyòm (1839–1842).

Yon Ekstrè nan Trete Nanjing

ATIK III.

Li nesèsè ak dezirab aklè, Sitwayen Britanik yo ta dwe gen Pò kote yo ka netwaye ak re-ekipe Bato yo, lè li nesèsè, epi kenbe Magazen yo pou rezon sa a, Majeste Lanperè Lachin sede [bay] Majeste Larèn Grannbretay, elatriye, Zile Hongkong, pou Majeste Britanik, Eritye li yo ak Siksesè li yo posede avi [pou toutan], epi pou yo gouvènè avèk Lwa ak Règleman jan Majeste Larèn Grannbretay, elatriye, dwe vle dirije.

Sous: "Treaty of Nanjing (Nanking), 1842," USC-UCLA Joint East Asian Studies Center

5 Kisa Britanik yo te vin genyen kòm yon rezilta Trete Nanjing? [1]


Score

VRÈ PWOBLÈM NAN AP VINI AVÈK "REVÈY" LA.



Sous: Joseph Keppler, *Puck*, August 15, 1900 (adapte)

Dokiman 6b




Sous: MapWorks, on the Portsmouth Peace Treaty website (adapte)

6 Dapre desen komik Joseph Keppler ane 1900 sa a, ak enfòmasyon ki nan kat jewografik sa a, endike **yon** pwoblèm Lachin te genyen apre Trete Nanjing te anvigè. [1]

Score

Kesyon Lès la ak Balkan yo



Sous: Stephen Tonge, "Causes of the First World War," A Web of English History online (adapte)

7a Dapre Stephen Tonge, kisa ki te **yon** kòz pou tansyon ant Otrich ak Sèbi? [1]

Score

Dokiman 7b

Sa a se yon ekstrè nan temwayaj Gavriolo Princip te bay ki re-enprime nan *Pwosè Sarajevo a*. Li te anba akizasyon pou ansasinay Akedik Ferdinand Otrich-Ongri ak madanm li nan mwa jiyè 1914.

Odyans Gavriolo Princip 12 Oktòb 1914 Nan Apremidi

... Pr. [Pwokirè]: — Rele Gavriolo Princip. (Yo mennen li.) Èske ou konsidere tèt ou kòm yon moun ki koupab?

Ak. [Akize a, Gavriolo Princip]: — Mwen pa yon kriminèl, paske mwen te detwi sa ki te mechan. Mwen panse mwen se bon....

Pr.: — Ki kalite lide ou te genyen?

Ak.: — Mwen se yon nasyonalis yougoslav epi mwen kwè nan inifikasyon tout Slav Sid yo nan kèlkeswa fòm eta a epi pou li pa anba dominasyon Otrich.

Pr.: — Sa se te enspirasyon ou. Kijan ou te panse reyalize [akonpli] sa?

Ak.: — Avèk mwayen laterè.

Pr.: — Kisa sa vle di?

Ak.: — Sa vle di anjeneral detwi depi anwo, pou abandone moun ki bloke epi ki fè mechanste, ki kanpe nan wout lide inifikasyon an.

Pr.: — Kijan ou te panse sa ta ka reyalize objektif ou yo?

Ak.: — Toujou yon lòt motif prensipal se te vanjans pou tout touman Otrich te enpoze sou pèp la....

Pr.: — Kisa ki te santiman sou Otrich nan sèk ou yo?

Ak.: — Se te pwendvi ki montre Otrich te konpòte li mal sou pèp nou an, ki vrè, epi sètènman li (Otrich) pa nesesè....

Sous: W. A. Dolph Owings et al., eds., *The Sarajevo Trial, Volume I*, Documentary Publications

7b Dapre ekstrè sa a nan *Pwosè Sarajevo a*, kisa ki te **yon** objektif Gavriolo Princip? [1]

Score

Dokiman 8a

Afich Britanik pou Fòmasyon



APRANN AJISTE RESPIRATÈ
 ATIFISYÈL OU KÒRÈK epi VIT
 Pa respire pandan w
 ap fè sa, epi sa p ap rive ou.

Issued by the Chemical Warfare Service

Sous: W. G. Thayer, 1915,
 Library of Congress,
 Prints and Photographs online catalog

Dokiman 8b

Tranche Alman, ca. 16 Jen 1916



Sous: Library of Congress, Prints and Photographs online catalog


8 Avèk enfòmasyon ki nan imaj sa yo, endike **yon** konsekans ansasinay Akedik Ferdinand Otrich-Ongri Gavrilo Princip te gen sou peyi ewopeyen yo. [1]

Score

Ewòp, 1914



Ewòp, 1923



Sous: Abraham and Pfeffer, *Enjoying World History*, AMSCO (adapte)

9 Dapre kat jewografik sa yo, kisa ki te **yon** chanjman nan fwontyè politik Ewòp ki te fèt apre Premye Gè Mondyal la? [1]

Score

Pati B Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanzp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Pwen enpòtan yo se evènman ki lakòz chanjman rejyonal ak chanjman nan lemond. Twa (3) pwen enpòtan ki te transfòme sosyete yo ak rejyon yo se te ***deklanchman lapès bibonik, siyati Trete Nanjing, ak ansasinay Akedik Ferdinand.***

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi ***de (2)*** pwen enpòtan ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo ***chak***

- Dekri sikonstans istorik ki konsène pwen enpòtan sa a
- Diskite sou chanjman ki te fèt nan yon sosyete ak/oswa nan yon rejyon akòz pwen enpòtan sa a

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa ou gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanzp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik ak klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

